

**RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)  
DARING**

Satuan Pendidikan : SMP Negeri 22 Surabaya Kompetensi Dasar : 3.2  
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa Materi Pokok : Teks Drama Tradisional  
Kelas / Semester : IX / Ganjil Alokasi Waktu : 1 x Daring

**TUJUAN PEMBELAJARAN**

Setelah melihat video drama tradhisional dan mengamati materi powerpoint, siswa mampu memahami struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral dari teks drama tradhisional dengan tepat dan sesuai unggah unggah dan undha usuk basa.

**KEGIATAN PEMBELAJARAN**

TAHAP PEMBELAJARAN	DESKRIPSI KEGIATAN	ALOKASI WAKTU
<b>KEGIATAN PENDAHULUAN</b>		
	<ol style="list-style-type: none"> <li>Guru mengkondisikan suasana belajar dengan menyapa siswa melalui whatsapp grup dan membagikan link <i>google meet</i>.</li> <li>Guru dan siswa melanjutkan pertemuan di aplikasi <i>google meet</i>, dilanjutkan dengan doa yang dipimpin oleh ketua kelas.</li> <li>Guru melakukan apersepsi dengan bertanya jawab kepada siswa mengenai pengertian drama tradhisional melalui <i>google meet</i>.</li> <li>Guru memberi motivasi belajar peserta didik mengenai manfaat materi belajar teks drama tradhisional.</li> <li>Guru menyampaikan tujuan pembelajaran yang akan dicapai yaitu mengenai unsur dalam teks drama tradhisional.</li> <li>Peserta mengisi daftar absen melalui link <i>google form</i> yang sudah diberikan oleh guru melalui <i>whatsapp</i> sebagai bentuk tanggungjawab dan kedisiplinan.</li> </ol>	15 menit
<b>KEGIATAN INTI</b>		
<b>Mengamati</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Peserta menyimak penjelasan guru terkait struktur, ciri-ciri kebahasaan dan pesan moral teks drama tradhisional melalui <i>microsoft 365 sway</i> dengan penuh tanggung jawab.</li> <li>Peserta didik mengakses contoh video drama tradhisional pada link <i>youtube</i> dengan penuh tanggung jawab.</li> <li>Peserta didik mencatat hal-hal penting terkait dengan teks drama tradhisional dengan penuh tanggung jawab.</li> </ul>	55 menit
<b>Menanyakan</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Peserta didik bertanya jawab tentang struktur, ciri-ciri kebahasaan dan pesan moral dalam video drama tradhisional dengan santun dan penuh percaya diri.</li> </ul>	
<b>Menalar/ mengeksplorasi</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Peserta didik menambah informasi terkait struktur, ciri-ciri kebahasaan dan pesan moral dalam teks drama tradhisional dari berbagai sumber informasi secara mandiri dan penuh tanggung jawab (online ataupun offline)</li> </ul>	
<b>Mengasosiasi</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Peserta didik menganalisis struktur, ciri-ciri kebahasaan dan pesan moral teks drama tradhisional berbahasa Jawa dengan antar siswa melalui <i>google classroom</i> dengan penuh tanggung jawab.</li> </ul>	
<b>Mengomunikasikan</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Peserta didik dan guru bersama-sama menyimpulkan struktur, ciri-ciri kebahasaan dan pesan moral teks drama tradhisional dengan percaya diri dan santun.</li> </ul>	
<b>KEGIATAN PENUTUP</b>		
	<ul style="list-style-type: none"> <li>Peserta didik dan guru bersama siswa melakukan refleksi hasil pembelajaran.</li> <li>Guru memberikan motivasi, salam penutup dan menutup pembelajaran dengan doa melalui <i>google meet</i>.</li> </ul>	10 menit

**Asesmen/Penilaian**

Sikap : - Dilakukan dengan menggunakan angket melalui google form meliputi sikap tanggung jawab, jujur, unggah unggah, dan ketepatan waktu mengerjakan.  
Pengetahuan : - Dilakukan melalui quiz atau uji kompetensi tentang pemahaman struktur, unsur kebahasaan dan aktualisasi dari teks drama tradhisional (pesan moral)  
Keterampilan : - Dilakukan dengan teknik kinerja/produk mengenai analisis naskah teks drama tradhisional yang berlandaskan pada undha usuk basa.

Mengetahui,  
Kepala .....

Surabaya, .....  
Guru Mata Pelajaran

(.....)

(.....)

## LAMPIRAN 1

### MATERI/ BAHAN AJAR DRAMA TRADHISIONAL

#### A. Pangerten

Drama mujudake crita gancaran kang ngandharake lelakone manungsa utawa kahanan tartamtu ditulis kanthi wujud pacaturan lan dipentasake ing panggung.

#### B. Titikane drama :

1. Wujud crita kang diandharake nganggo pacelathon lan dipentasake.
2. Nyritakake lelakon manungsa utawa kahanan sakiwa tengene manungsa.
3. Pacelathon digawe wujud babak 1.... 2.... Lan sateruse.
4. Kahanan sakiwa tengene kadadeyan ditulis, lumrahe sajrone tandha kurung.
5. Amarga dipentasake, mula merlokake ubarampe pentas.

#### C. Jinise Drama:

1. Komedi yaiku drama sing ngandharake lelakon kang lucu saengga ndadekake wong kang nonton ngguyu lan seneng.
2. Tragedi yaiku drama kang ngandharake lelakon sing sedhih, nrenyuhakelan ndadekake wong kang nonton dadi trenyuh, wedi lan nelangsa.
3. Sendratari yaiku drama sing wujud seni drama lan tari. Crita drama diwujudake lumantar gerakan tari kang kairingi gamelan.
4. Tablo yaiku drama kang dipentasake lumantar swara saka mburine keber/ panggung. Paraga ing panggung mung nggambarake lan mragakake wae.
5. Opera yaiku drama dipentasake kanthi iringan lelagon lan musik. Yen pamentasan mung sadhela diarani operet.
6. Pantomim yaiku drama sing dipentasake lumantar obahe awak/ isyarat. Alur crita uga digambarake lumantar gerak.
7. Dhagelan yaiku drama kang dipentasake mung kanggo ngguyokake penonton. Dhagelan luwih prasaja tinimbang komedi.

#### D. Unsur-Unsur Kang Ana Ing Drama

Lumrahe unsur drama padha wae karo karya sastra fiksi liyane. Drama kasusun saka unsur intrinsik lan ekstrinsik.

1. Unsur intrinsik yaiku unsur kang ana ing sajroning drama.
  - a. Tema : Gagasan utama kang diandharake pangripta utawa pengarang.
  - b. Paraga : Pawongan kang ana ing sajroning drama.
  - c. Pamaragan : watak paraga kang ana ing sajroning drama. Kanggo mangerteni watake paraga saka pacelathon bisa rong cara.
    - 1) Saka tembung-tembung kang diomongake paraga nalika nganakake pacelathon karo paraga liya.
    - 2) Saka tetembungan kang diomongake paraga liya nalika ngomongake dheweke.
  - d. Alur : Urut-urutan crita kang ana ing sajroning drama. Nalika crita diwiwiti nganti paripurna. Alur dhewe diperang dadi telu yaiku alur maju, mundur lan campuran.
  - e. Konflik : Inti saka drama.
  - f. Pepeling : Pesen pangripta kang arep diaturake marang pamaos. Tujuwane amrih para pamaos nindakake apa kang dikarepake pangripta. Kanggo bisa nemtokake pesen saka pangripta kudu
    - 1) Mangerteni kanthi temen isine crita.
    - 2) Nggawe dudutan saka isine crita.

2. Unsur ekstrinsik yaiku unsur kang ana ing sanjabane dramananging, nduweni pangaribawa kang gedhe. Upamane faktor-faktor sosial politik nalika naskah drama diciptakake, faktor ekonomi, faktor lingkungan pangripta lsp.

**E. Bab-bab sing kudu ditindakake paraga supaya bisa meranake drama slaras karo dapukane ana ing pamentasan drama yaiku :**

1. Maca naskah drama
2. Mahami isi nasakah drama
3. Njiwani watak paraga sing arep diperanake.

**F. Supaya bisa nggawe naskah drama, ana bab - bab sing kudu digatekake :**

1. Nemtokake tema
2. Nemtokake konflik / masalah
3. Nggawe synopsis
4. Nemtokake kerangka karangan
5. Nemtokake protagonist
6. Nemtokake pungkasan carita
7. Nulis drama.

## LAMPIRAN 2

### Gatekna Drama Tradisional kang ana ing ngisor iki.

#### DUMADINE GUNUNG BUDHEG

*ING SAWIJINING OMAH, GEDHEG SING WIS REYOT SANGISORE PUTHUK, ING SAKIDULE TLATAH KABUPATEN TULUNGAGUNG.*

- Kembang Sore : Kula nuwun ... kukla nuwun...kula nuwun ... ( karo milang- miling ana ing lambene lawang).
- Mbok Rondha : Mangga, mangga ... badhe madosi sinten nggih ?
- Kembang Sore : Kula menika mboten madosi sinten-sinten. Kula menika tiyang ingkang kabur kanginan, tanpa dangka tanpa kayun.
- Mbok Rondho : Lho, ngono ta. Wis kene mlebu dhisik kene ( karo nggeret mlebu kembangsore) Wis saiki lungguh kene dhisik. Iki diombe dhisi ( karo menahi banyu sagelas).
- Kembang Sore : Maturnuwun ( karo ngombe banyu ) Nuwun sewu kula punapa pareng dherek manggen wonten mriki ?
- Mbok Rondho : Apa kowe gelem manggon ing omah sing wis arep ambruk ngene iki ?
- Kembang sore : Mboten dados punapa kok, pareng punapa mboten ?
- Mbok Rondho : Ora apa-apa kok, ananging anane ya mung kaya ngene iki lo ya ...
- Kembang Sore : Inggih, matur sembah nuwun.

#### *JAKA TAWANG METU SAKA NJERO OMAH KARO MESEM-MESEM.*

- Jaka Tawang : Mbok, iki sapa lo ? kok ayu buuanget.
- Mbok Rondho : Iki Kembang Sore. Kembang Sore iki Jaka Tawang anakku.

#### *WONG LORO PADHA SALAMAN*

- Mbok Rondho : Kembang Sore, kowe gelem ta yen tak sedulurake karo Jaka Tawang ?
- Kembangsore : Inggih, kula purun.
- Jaka Tawang : Iya mbok aku ya gelem, kok.
- Mbok Rondho : Ya wis aku tak neng mburi dhisik, arep nerusake anggonku masak. Adhine dikancani dhisik ya!
- Jaka Tawang : Ya, mbok.

#### *JAKA TAWANG LAN KEMBANG SORE OMONG-OMONGAN NGALOR NGIDUL, NGAYAWARA ORA ANA JLUNTRUGE. SAYA SUWE SAYA CEDHAK, PANCEN ADHI KARO KAKMASE.SAWIJINING DINA, WAYAH KEMBANG SORE NYAPU-NYAPU ANA ING LATAR, JAKA TAWANG NYEDHAKI KEMBANG SORE.*

- Jaka Tawang : Kembangsore ...
- Kembang Sore: Ana apa ta Kangmas?
- Jaka Tawang : Sliramu kuwi pancen ayu tenan...
- Kembang Sore: Maturnuwun Kangmas.
- Jaka Tawang : Kembangsore , aku arep ngomong bab sing wigati karo kowe.
- Kembang Sore: Ngomong apa ta kangmas ?
- Jaka Tawang : Kembang Sore, sejatine aku iki tresna banget karo sliramu lo Kembang Sore.
- Kembangsore : Ya wis samesthine ta Kangmas. Yen kangmas kuwi ndhuweni rasa tresna marang adhine.

Jaka Tawang : Ora tresna sing mangkono kuwi.

Kembang Sore : Lho. La tresna sing kepriye ta Kangmas ?

Jaka Tawang : Ya tresna wong lanang marang wong wadhon sing wis dewasa, ngerti apa piye ?

Kembang Sore: Kangmas, aku lak adhimu ta. Dadi ya ora kene mangkono.

Jaka Tawang : Iya aku ngerti, ananging kowe kuwi lak dudu adhiku asli, dadi ya ora dadi ngapa.

Kembang Sore: Ora bisa kangmas, aku ora bisa nampa tresnamu. Aku uga tresna marang sampeyan ananging mung trenane adhi marang kangmase.

Jaka Tawang : Pokoke kowe kudu gelem.

Kembang Sore: Wis ta Kangmas, wis sore iki lho, enggal-enggal adus kana.

Jaka Tawang : Lha tresnaku kepriye ?

Kembang Sore : Wis ta gampang, mengko bisa dirembug maneh. Wis sore Kangmas, enggal-enggal adus kana.

Jaka Tawang : Ya wis aku dakadus dhisik ya. (karo mlaku ninggalake Kembang Sore)

*SASUWENE JAKA TAWANG ADUS, KEMBANG SORE TANSAH ORA JENJEM ATINE. AMARGA DHEWEKE ORA KEPINGIN GAWE KUCIWA ATINE KANGMASE, JAKA TAWANG. DHEWEKE MUTUSAKE KUDU LUNGA SAKA OMAH KUWI . ORA KESUWEN, SORE IKU UGA, NALIKA JAKA TAWANG LAGI ADUS, KEMBANG SORE MINGGAT SAKA OMAH IKU TANPA PAMIT KARO MBOK RANDHA.*

Jaka Tawang : Kembang Sore... Kembang Sore (karo milang-miling ing njero lan njaba omah) Kok ora ana ya, Mbok ... simbok...

Mbok Rondho : Ana apa ta Le, kok bengok-bengok ngono kuwi ?

Jaka Tawang : Kembang Sore nang endi Mbok ?

Mbok Rondho : Lho, mau lak karo awakmu ta Le ? La kok malah takon mboke.

Jaka Tawang : Iya mbok mau karo aku, ananging mau daktinggal adus Mbok, banjur dakgoleki kok wis ora ana ta mbok ?

Mbok Rondho : Lho menyang ngendi to Le ? ayo digoleki !

Jaka Tawang : Ayo, Mbok.

*WONG LORO NGGOLEKI KEMBANG SORE SING WIS MINGGAT SAKA OMAH. ANGGONE NGGOLEKI WIS TEKAN NGENDI-NGENDI . ANANGING ORA ONA ASILE. PUNGKASANE MBOK RONDHO NGAJAK LEREN JAKA TAWANG ANGGONE NGGOLEKI KEMBANG SORE.*

Mbok Rondho : Wis Le. Mbok manawa Kembang Sore pancen wis ora krasan manggon karo awake dhewe.

Jaka Tawang : Ora mbok, aku kudu pethuk karo Kembang Sore.

Mbok Rondho : Wis sesuk digoleki maneh, saiki ayo kita mulih dhisik wae!

*BANJUR WONG LORO IKU MULIH BEBARENGAN. ANA ING OMAH JAKA TAWANG TANSAH KATON SUNTRUT, AMARGA RASA TRESNANE MARANG KEMBANG SORE GEDHE BAGET. SORE MINGGAT SAKA OMAHE MBOK RONDHO, JAKA TAWANG DADI LUMUH ANGGONE NYAMBUT GAWE . SABEN DIUTUS MBOKE GOLEK KAYU KAYA ADATE. DHEWEKE ORA GELEM, GAWEYANE MUNG NGLAMUN , POLAHE KAYA WONG ORA WARAS. YEN TURU TANSAH NYEBUT JENENGE KEMBANG SORE. NGANTI SAWIJINING DINA MBOK RONDHO BINGUNG NGGOLEKI JAKA TAWANG, AMARGA WIS SURUP JAKA TAWANG DURUNG KATON BALI.*

Mbok Rondho : Le... Jaka Tawang... menyang ngendi ta Le kowe kuwi. (karo nggoleki ing sakiwa tengene omah) Wis yah mene kok durung bali ta Le... Jaka Tawang... oalah Le..Le...

*MBOK RANDHO NGANTI BINGUNG ANGGONE NGUPADI DUNUNGE JAKA TAWANG. BANJUR MBOK RONDHO NGGOLEKI JAKA TAWANG MENYANG PANGGONAN SING BIAYASANE KANGGO NGGOLEK KAYU.*

Mbok Rondho : Le ... Jaka Tawang... Le Jaka Tawang...Menyang ngendi ta Le kowe iki ?!

*BANJUR MBOK RONDHO MUNGGAH ANA ING PUTHUK*

Mbok Rondho : Le Jaka Tawang ... Le Jaka Tawang ...

*MBOK RONDHO MERUHI JAKA TAWANG LAGI LUNGGUH ING SADHUWURE PUTHUK. DHEWEKE NGLAMUN MADHEP NGULON KARO KUDUNGAN CIKRAK.*

Mbok Rondho : Le ...Jaka Tawang ...diundang mboke kok meneng wae ta ... Le ... Jaka Tawang.

Jaka Tawang kok meneng wae ta ...Jaka tawang diundang mboke kok meneng wae kaya reca ngono ta Le... Jaka Tawang ... kowe budheg apa piye ta ? Jaka Tawang ...

*SANADJAN DIUNDANG MBOK RONDHO BOLA-BALI, ANANGING JAKA TAWANG ORA MANGSULI BABAR PISAN. BANJUR MBOK RONDHO NYEDAKI JAKA TAWANG.*

Mbok Rondho : Le diundang mboke kok ora mangsuli blas iki piye ta ? ( karo nyekel awake Jaka Tawang, sanalika Mbok Rondho kaget banjur nangis) Hoalah Le ... Le... kowe kok dadi reca kaya ngene ta Le... Le ...Amarga omonganku sing sembranakowe dadi reca kaya ngene Le... Le ... Hoalah Jaka Tawang... Jaka Tawang ...mboke njaluk sepura ya Le ...kanggo pangeling-eling mbesuk yen ana reja rejaning jaman, papan panggonan kene bakal takjenengake Gunung Budheg....

### LAMPIRAN 3

#### LEMBAR PENILAIAN PENGETAHUAN

No	Indikator	Rubrik Penilaian	Butir Instrumen
1	Menjelaskan struktur teks drama tradisional berjudul “Dumadine Gunung Budheg”		
2	Menjelaskan ciri-ciri bahasa dalam teks drama tradisional berjudul “Dumadine Gunung Budheg”		
3	Menjelaskan latar tempat, waktu, dan suasana dalam naskah drama “Dumadine Gunung Budheg”		
4	Menyebutkan tokoh dalam naskah “Dumadine Gunung Budheg” serta menjelaskan bagaimana penokohan atau karakter tokoh tersebut.		
5	Menjelaskan pesan moral drama tradisional berjudul “Dumadine Gunung Budheg”		
6	Menceritakan kembali cerita dalam naskah drama tradisional berjudul “Dumadine Gunung Budheg” dengan menggunakan bahasa sendiri.		

Instrumen: lihat *Lampiran 02*.

#### 1. Keterampilan

- a. Teknik Penilaian : P1= Evaluasi Produk dan P2= evaluasi unjuk kerja
- b. Bentuk Instrumen : Lembar Penilaian
- c. Kisi-kisi:

No	Indikator	Rubrik Penilaian	Butir Instrumen
1	Menulis skenario drama tradisional.		
2	Bermain peran drama tradisional.		
3	Menanggapi permainan drama tradisional.		

Instrumen: lihat *Lampiran 03*

Kunci Jawaban

$$\text{NILAI} = (\text{Skor yang didapat} / \text{Skor maks}) \times 100$$

## LAMPIRAN 4

### LEMBAR PENGAMATAN DIRI

1. Wenehana tanda centang (√) ing andharan(pernyataan) sing kokanggep paling pas karo kanyatan sing koklakoni.

2. Katrangan kanggo mbiji pakulinan (kebiasaan):

5 = ajeg

4 = kerep

3 = arang-arang

2 = tau

1 = blas

2. Lembar Pengamatan

No.	Aspek penilaian	Kriteria				
		5	4	3	2	1
1	a. Kulina ndonga (ngucap/nulis krana Gusti Kang Maha Kuwasa) sadurunge miwiti blajar basa Jawa					
	b. Kulina migunakake basa Jawa kanggo ngomong karo sapa bae (guru, kanca) nalika jam pelajaran Basa Jawa.					
	c. Kulina ngetrapake tata krama nalika srawung karo kancane					
	d. Kulina ngetrapake tatakrma nalika matur karo gurune.					
2	<ul style="list-style-type: none"><li>Jujur nalika njawab pitakon-pitakon ngenani wacan crita wayang manut panemune dhewe.</li></ul>					
3	<ul style="list-style-type: none"><li>Tanggungjawab marang tugas pribadi</li><li>Tanggungjawab marang tugas kelompok.</li></ul>					
4	<ul style="list-style-type: none"><li>Ngormati panemune wong liya nalika diskusi.</li><li>Migunakake tembung kang pas (ora kasar lan kemproh) nalika ngomong lan takon ing diskusi.</li></ul>					
5	<ul style="list-style-type: none"><li>Nggatekake nalika kancane meranake asil teks drama tradisional.</li><li>Tertarik, pingin ngerti lan sinau teks drama tradisional.</li></ul>					



**LAMPIRAN 5**

**LEMBAR PENGETAHUAN**

Nama : .....  
Kelas/No absen : .....

1. Pitakon ing ngisor iki wangsulana!
  - a. Tema apa kang kinandhut sajrone naskah drama tradisional kasebut?
  - b. Coba sebutna latar apa wae kang digawe sajrone naskah drama kasebut? (kalebu latar wektu, papan, lan suasana)
  - c. Sebutna paraga-paraga sajrone naskah drama tradisional kasebut !
  - d. Kepriye watak-watake paraga ing naskah drama tradisional kasebut?
  - e. Kepriye amanat kang bisa dipethik saka naskah drama tradisional kasebut?

2. Coba ringkes crita sajrone naskah drama tradisional kasebut kanthi basamu dhewe!  
.....  
.....  
.....

3. Saka nasah drama tradisional kasebut, coba tulisen tembung kang angel, banjur goleki ana kamus!  
.....  
.....  
.....

**LAMPIRAN 6**

**LEMBAR PENILAIAN KETERAMPILAN**

1) Mragakake paraga ing teks bermain peran..

No	Nama	Mragakake paraga ing teks bermain peran.												Butir Soal P1	
		Ekspresi				Vocal				Sesuai naskah					
		1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4		

2) Nggawea teks bermain peran.

No	Nama	Nggawe teks bermain peran.												Butir Soal P2		
		Isi crita				Bahasa				Estetika						
		1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4			

Rubrik Penilaian (Penafsiran angka):

- 1 = kurang
- 2 = cukup
- 3 = baik
- 4 = amat baik